

Èske w se yon manm MassHealth ki gen ant 18 e 21 lane?

Lè w adilt, w ap sispann gen konsiltasyon kay pedyat pou w resevwa swen pou adilt. Ou dwe kòmanse pare bonè pou chanjman sa a.

Gen annapre la a enfòmasyon sou kouvèti MassHealth ou a, chanjman k ap gen nan peryòd tranzisyon sa a, e enfòmasyon sou lòt opsyon nan asirans sante. Pou w jwenn plis enfòmasyon, telefonnen n tanpri nan **(800) 841-2900**, TDD / TTY : **711**.

M fèk gen 19 lane. Kòman pou m kontinye gen kouvèti MassHealth?

Si yon moun mete w kòm depandan lè I plen taks li :

Moun sa a dwe mete w sou tout dokiman renouvelman pou MassHealth li soumèt, menmsi w plen pwòp taks ou oumenm.

Si pa gen moun ki mete w kòm depandan lè yo plen taks :

Se pou w soumèt yon aplikasyon bay MassHealth kòm mèt pwòp kòkay ou a.

Si w pa t janm deklare kòm depandan sou taks yon lòt moun, oubyen si w pa janm plen taks ou oumenm :

Lè w vin gen 19 lane, se pou w soumèt yon nouvo aplikasyon bay MassHealth kòm mèt pwòp kòkay ou a.

Si w pa kalifye pou MassHealth ankò, ou gendwa jwenn alò yon plan ConnectorCare. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Massachusetts Health Connector [isit](#) la.

Kòman pou fè aplikasyon pou MassHealth pou adilt.

Monte nan [mass.gov/ApplyforMassHealth](#) pou w jwenn enfòmasyon sou kòman pou fè aplikasyon anliy, pa lapòs, pa faks, oubyen an pèsòn. Telefonnen sant sèvis kliyantèl MassHealth la nan nimewo **(800) 841-2900**, TDD / TTY : **711**, pou fè aplikasyon nan telefòn.

Pou w fè yon aplikasyon, ou gendwa gen pou w bay enfòmasyon e dokiman ki site annapre a.

- Prèv sou rezidans nan Massachusetts.
- Nimewo sekirite sosyal, si w gen youn.
- Papye taks federal, si w plen taks ou.
- Enfòmasyon sou sitwayènte oubyen estati nan imigrasyon.
- Enfòmasyon sou konpayi travay e sou revni pou tout moun ki nan kòkay ou a (pa egzanp : enfòmasyon nan souch chèk).
- Enfòmasyon sou tout asirans sante nan travay oubyen lòt asirans sante kote ke w enskri ladan l alèkile.

**Nou la pou n ede w! Gen plis enfòmasyon disponib nan
[mass.gov/MassHealthYoungAdults](#).**

